
Нур
6+
ISSN 0207-6551
8
2018

*ІУЭРЫІУАТЭ*

# НАРТХЭ Я ГЪУБЖЭ

Нартхэ мэш бэв къахуэкІ хабзэт, ауэ мэшыр къызэрахыжын ІэмэпсымэяІэтэкъым. ІэкІэ щхьэмыж зырызурэ къыпачыжырт. Ар кІыхьлІыхь хъурти, мэшыр хыжьэжырт. Зэгуэрым нартхэм унафэ ящІащ жэщ мазэгъуэхэми щхьэмыж къыпачыну.

Жэщ хъухукІэ лэжьащ нартхэр. Пщыхьэщхьэм шхэну тІысахэу, мазэщІэр дыжьын шабзэкъуу уафэм къиуващ. Нартхэр гуфІэри, шхэн зэраухыу, щхьэмыжпыч хыхьащ. Зэрыхыхьэуи, мазэщІэр ехуэх хуэдэу къафІэщІащ. Еплъыпэмэ, мазэм и зы кІапэр иубыдауэ Іэ фІыцІэ кІыхь гуэрым ирилъэфэхырт. Нартхэр къэуІэбжьарэ щтэІэщтаблэу еплъырт абы. Іэ фІыцІэ кІыхьым мазэр ирилъэфэхри къуршым къуилъэфащ. Арыххэуи, нэм къыщІэІэбэр умылъагъуу кІыфІ хъуащ.

ЕтІуанэ пщыхьэщхьэм мазэщІэр аргуэру уафэм къиувэжащ. АрщхьэкІэ, нартхэр щхьэмыжпыч зэрыхыхьэу, аргуэру Іэ фІыцІэ кІыхьыр къурш щІыбым къыдэІэбыкІри мазэ кІапІэр иІыгъыу ирилъэфэхыу щІидзащ. Пщыхьэщхьэ къэскІэ апхуэдэу хъурт. Арати, нартхэм мэшым и никъуэм фІэкІа кърахьэлІэжыфакъым, адрейр хыжьэжри пылъэлъыжащ.

Мэш кърахьэлІэжар шхын яухри гъаблэ къэхъуащ. Ауэ лы, гъэшхэкІ жаІэми, гъэр ирахьэкІри мэш Іухыжыгъуэр аргуэру къэсащ. Нартхэр махуэ псом лажьэри пщыхьэщхьэшхэ ящІыну тІысащ. Мазэ никъуэр къаблэу уафэм итт. Аргуэру Іэ фІыцІэ кІыхьым, къурш щІыбым къыдэІэбыкІри, мазэр ирилъэфэхыу щІидзащ.

Нартхэр гупсысащ, гузэващ. Сэтэней гуащэ деж кІуэхэри я Іуэху зыІутыр хуаІуэтащ. Сэтэней, гупсысэурэ чэнджэщ къарет:

– Сосрыкъуэ вгъэшэс, шу гуп къуэвдзэжи, плъакІуэ вгъакІуэ.

Нарт Сосрыкъуэ ягъэшэсщ, шу гуп къуадзэжри, ирагъэжьащ. КІуэм-лъейм, кІуэм-лъейуэрэ къуршым нэсащ шу гупыр. Сосрыкъуэ и Тхъуэжьейм уэгъуищ ирихри къурш сыджым къытехутащ. Мыдрейхэри, зыр зым дэІэпыкъуурэ, къуршым докІри Сосрыкъуэ бгъуроувэж. Жэщ щыхъум, мазэщІэр лыдыжу уэгум къиуващ. Арыххэуи, псы Іуфэ гуэрым деж зы лІы фІыцІэ кІыхь къыщытэджщ, лъапэпцІий зищІщ, мазэм и кІапэр иубыдри ирилъэфэхыу хуежьащ.





Сосрыкъуэ и шабзэр зэlуидзэри тригъэпсат, ауэ и гъусэхэм ядакъым, ищlэнум дегъэплъ, жаlэри. Лlы фlыцlэжьым мазэ някъуэр ирихьэхри губгъуэр нэху къищlащ, итlанэ мазэм и зы кlапэр иlыгърэ, адреймкlэ мэшыр къыфlигъанэурэ зы пхыр хъун зэуэ къихауэ ялъэгъуащ. Шу гупыр зэплъыжащ, ар яфlэхьэлэмэту.

Сосрыкъуэ и Тхъуэжьейм щlопщ уэгъуищ ирихри къурш сыджым елъащ: «Сэ къэзгъэзэжыху, фыкъыспэплъэ!» – жиlэурэ.

Сосрыкъуэ лlы фlыцlэм бгъэдэлъадэри и джатэр кърихащ. Модрейр, мазэ някъуэр уафэм кърлидзэжри, щlэпхъуащ. Арщхьэкlэ Сосрыкъуэ къыпэуващ:

– Ди мазэр зэрыбдыгъу уи lэр пызупщlынущ! – жиlэри.

– Тхьэм хьэтыр иlэмэ, си гугъу къыумыщl, – къэлъэlуащ лlы фlыцlэр. – Сэ сытхъэжу а мазэр къесхьэхыркъым. Мы хэкум цlыхуу исыр зыгъашхэр си къуэш нэхъыжьымрэ сэрэщ. Си къуэшым lэщ егъэхъу, сэ мэш сощlэ. Мазэм сыримыхэмэ, си мэшыр хыжьэжынущ. Итlанэ ди лъэпкъыр шхын щхьэкlэ зэтелlэнущ.

– Хьэуэ, – жи Сосрыкъуэ. – Ар хъункlэ lэмал зимыlэщ. Дэри жэщкlэ дымылажьэмэ, ди мэшыр мэхыжьэжри, дызэтолlэ. Мазэр зэдыдимазэщ: фэри къыфхуреблэ, дэри къытхуреблэ. «Хьэуэ» жыпlэрэ, узухъуэнщlынщи, сежьэжынщ.

Лlы фlыцlэжьыр гъащ:

– Сыт мыгъуэр сщlэн, щхьэмыж зырызурэ къыпысчыжынщ, – жиlэри.

Нартхэм къагъэзэжри ялъэгъуар Сэтэней хуаlуэтэжат.

– Атlэ, си деж сыт щхьэкlэ фыкъэкlуа? Флъэгъуар Лъэпщ жефlэ, – къажреlэ Сэтэней.

Нартхэр Лъэпщ деж кlуэри ялъэгъуар хуаlуэтэжащ. Лъэпщ еувалlэри жыр мазэ ищlащ.

– lэу, мыбы дауэ урихэн?! – жиlэри къазшырыдзэу дибзыкlыжщ, гъубжэ фlищри нартхэм къаритащ.

Етlуанэу еувалlэщ, мазэм хуэдиз хъууэ гъубжэшхуэ ищlри лlы фlыцlэм lэригъэхьащ: «Дяпэкlэ ди мазэм кърмыlусэ, и лъэпкъри шхын щхьэкlэ иремыгъалlэ».

Зыгъэхьэзырар
***КЪАРМЭ lэсиятщ***



*ЖЫЛЭТЕЖ Сэлэдин*

# ГУЩЭКЪУ УЭРЭД

Жей, си дахэу си нэ-си псэ,
Дыгъэ нуру сэ къысхуепс,
УезгъэдаIуэу мы си псысэм
УжеихукIэ сыббгъэдэсщ.
Жей, жей,
УжеихукIэ сыббгъэдэсщ.

Жей, дахащэу си нэ-си псэ,
ФIыгъуэу щыIэр зылъысын,
Ужеижмэ, уэ пхуэфIыпсу
Джанэ дахэ цIыкIу пхуэздынщ.
Жей, жей,
Джанэ дахэ цIыкIу пхуэздынщ.

Жей, дахащэу си нэ-си псэ,
Си псэ тIэкIур зээгъэшхын,
Сэ пщIыхь IэфIкIэ сыпхуоупсэ,
ФIыгъуэу щыIэр зылъысын.
Жей, жей,
ФIыгъуэу щыIэр зылъысын.

*ХЬЭЦIЫКIУ Хьэсэн*

# ПШЭ

Уа-а-рэ, феплъыт,
Благъуэм ещхьу,
Мо пшэшхуэжьыр
ЗэрыкIыхь,
И кIэшхуэжьыр
Хуэмылъэфу
Уафэ гъунэр
Къепщэпщыхь.
Феплъыт,
И жьэр иущIауэ,
И бзэгушхуэр
Егъэхъей,
Уа-а-рэ, уа-а-рэ,
Жэм нэхъейуэ,
Дыгъэ къухьэм
Ар йобзей!



*КЪАНЫКЪУЭ Заринэ*

## КЪЭРАБЭ

Хъуреябзэу, гъуэжьу, щабэу
Хадэм изу итщ къэрабэ!
Дыгъэм шыру кърища?
Е ди дадэ къытхуиша?
Дэнэ ахэр къыздикIар?
Гъатхэм, къэсри, къигъэкIащ!

## МЭШБЭВ

Тесщ си Iэпэм зы мэшбэв,
Ар зыхуейри уэ къэщIэф!
Е мылъатэ, е къемых,
Мэхъу ар тIэкIуи сфIэгуэныхь.
Мэшбэв цIыкIур соутIыпщыж,
Удзым занщIэу хогъуэщэж.
Ар сэ сщIынукъым емыкIу.
ФымыщI фэри, ар – шыр цIыкIущ.

*МЭЗ Аниуар*

## ДИ ЖЫГ ХАДЭМ

Ди жыг хадэм хэсщ дыгъужь,
Щхьэ къуацэжьу уд фызыжь,
Джэдыгу бацэу зы мыщэжь,
Къарней и къуэу Пэныкъуэжь,
Зы нэ закъуэу зы иныжь,
Нэшхуэ хъужу жьындуужь…
Укъамыщlэу ахэм кхъужь
Къэбдыгъуфмэ, улIыхъужьщ!

## ЩХЬЭБАЛЫДЖЭ БАЛЫДЖЭХЪУ

Иупсауэ си щхьэр джафэу,
Iэ къыдилъэурэ си щхьэфэм,
ЖеIэ дадэ:
«Уэ щIэх дыдэ
Ухуеинкъым мажьэ дзэхъу, –
ПогуфIыкIыр, къызохъуэхъу, –
Еуэ, насып натIэ ухъу,
Щхьэбалыджэ балыджэхъу!»



Макъамэр *ЖЫЛАУ Арсен*,
псалъэхэр *ДЖЭДГЪЭФ Хъусен* яйщ

# Си дыгъэ




ФIыуэ слъагъуу сэ си дыгъэ,
Тыгъэр зымыух.
Дунеишхуэм и уэздыгъэу
Нурыр къызыпих.

Ежьу: Псэр зыхъумэр уэрщ,
ЩIыр зыIыгъри уэрщ,
Дыгъэу си гъащIэ, уей, уей,
Дуней щIызиIэ, уей.

Уэшх нэужьым уэ нэщхъыфIэу
Пшэм уакъыхоплъыж,
Къуалэбзухэм я уэрэдыр
ГуфIэу къыхадзэж.

Ежьу:

Уи пщэдджыжь дыгъэпскIэ удзхэм
Гъагъэу зызэIуах,
Сабий жейм къыпщыгуфIыкIыу
НапIэр зэтырах.

Ежьу:

ЦIыхуи удзи – псэ зыIутым
Зыпхуагъазэ уэ,
Мазэ пэтрэ уи дыгъэпскIэ
Зогъэхуапэ уэ.

Ежьу:



ЗЭГЪЭЩТОКЪУЭ Людэ

# БЭДЫНОКЪУЭРЭ И АНЭМРЭ

САБИЙ ТЕАТР

*Утыкум ибгъукIэ бгъуэнщIагъ-щIыунэ щытщ. Абы и щIыхьэпIэр жыг къудамэхэмкIэ гъэпщкIуащ. Бэдынокъуэ и анэ Бэдын гуащэм гузавэу пщIантIэр къызэхекIухь.*

**Бэдын гуащэ** (*къызэтоувыIэри*). Бэдын нартхэр къызэщIигъэшэсэну кIуащ. Чынтыдзэм сэ есщIар ящыгъупщэу аргуэру къыщыкIуакIэ, сэ си пIэкIэ си Бэдынокъуэ ирешэс, и шабзэ пэрыдзыр чынтыдзэм япрыредз, и бжыпэфIэун ахэр ирехъу. (*ЩIыунэбжэр Iуехри Бэдынокъуэ къреш*).

**Бэдынокъуэ** *(и нэм къыщIидза нэхум къегъащтэ, и нитIри еубыдри тIэкIурэ иIыгъщ; къеутIыпщыжри и анэм йоупщI)*. Си анэ, мы сыкъызытепшар сыт лъэужь?

**Бэдын гуащэ**. Дуней жыхуаIэр мырщ, си щIалэ. Алъандэрэ щIыунэм ущыспIащ. Уи лъэрэ уигурэ зэрымыубыдауэ нартхэм уакъыхэсшэн сышынэрти, мы дунеижьым укъытесшакъым. Иджы уи лъэр быдэу, уи гур гуищэу узолъагъури, адэкIэ пщIэнум ухуитщ. Нартхэр фэрыщIщ, лIы ищIэ я хъуапсэщ, умыбэлэрыгъ, си щIалэ.

**Бэдынокъуэ** *(къызытраша дунейр фIэгъэщIэгъуэну зеплъыхь, уафэм доп-лъейри и анэм йоупщI)*. Мор сыт, си анэ?

**Бэдын гуащэ**. Ар дыгъэщ. Псори зыгъэнэхущ. Захуэу псэухэм я тхьэрыIуэщ, си щIалэ.

**Бэдынокъуэ** *(игъэщIагъуэу)*. Мо къэпщIыпщI-нэпщIыпщIу дыгъэм пэмыхъу цIыкIухэри сыт?

**Бэдын гуащэ** *(уафэм доплъейри)*. А, си щIалэ, уэ плъагъур сэ сымылъагъуми, ахэр вагъуэщ. Дыгъэпс махуэм вагъуэхэр щыплъагъукIэ, уэ жэщ кIыфIым бий лъэужьыр пIэщIэкIынкъым. Жэщым бийр епхужьэмэ, вагъуэр уи лъэужьщ. Бийр махуэм егъэзи жэщтеуэ къэщI. Иджы уи алъпыжь пцIэгъуэплъ псыгъуэр щIыунэм къыщIезгъэшащи, лIы ищIэн Тхьэм уигъащIэ.

*Бэдынокъуэу бланэ гъэшхар зи шэджагъуашхэ, Вы гъэшхар зи пшапэ Iус, Уи шэсыгъуэр къэсащ. Уи алъпыжьу пцIэгъуэплъ псыгъуэм Уанэ къытелъхьэ. Уи хьэ самырхэр зыщIыгъу, Уи бгъэ гъэсахэри зыдешажьэ, Зехьэжьи яхыхьэ, Хэкум къихьа биижьхэр иупщIэ! УпщIакIуэхэм закъыумыгъащIэ, Уи лIыгъэр енщ.*

**Бэдынокъуэ**. Сызэребгъажьэщ си къэкIуэжыкIэнур, си анэ.

**Бэдын гуащэ** (*Iэщэ-фащэр и къуэм иритурэ*). *Уи пцIэгъуэплъ блапщэу щхьэгъурыр IэкIуэцI ижыну гъэпсащ. Хьэгъуэ-хъугъуэ щIапIыкIщ, мэкъу пасэрышхщ, щIыунэрыпщIщ. Уи уанэр дыжьын хэщIыкIщ, уи Iэщэ-фащэр пфIэдзащ. Жыру уи маисэр къокI-йохьэж, уи шабзэ бзащхъуэ мэзышхуэщ. Уи джатэ кIэщIыр лъэщIащ, къипхауэ умыгъэдалъэ, уилъауэ къыумыгъэзэж. Угужьеижу укъэмыджэ. Уи зы макъыр макъищэу, нартищэ къарур уи зэ уэгъуэу, «Мыхъу-мыпцIэ» къынэс. Чынту къэсахэри хэгъащIэ, щIы фIыцIэ лъэгур къэубэ, биижьурэ чынтыдзэ пашэр къахэш, я нэхъ шэрыуэри къехьэх.*

*Зэхахыжын щхьэкlэ напэlурыдзэри lурылъу я нэхъ лъэрыхьри гъэкlуэж! Уэ, си щlалэу нэ пlащэ! Гъуэгущlэр зыпежьэ, ежьэ, ежьэ, гъуэгу махуэ!*

*Анэм Бэдынокъуэр ireш. Шы лъэ макъ къоlу.*

**Бэдынокъуэ и макъ**. Зывгъэхьэзыр, сывэзэуэну сынокlуэ!

*Нарт пшыналъэ къоlу. Зэрызэзауэр зэхыбох. Нарт гуп къохьэ, джатэкlэ зэзауэу.*

**Япэ нарт**. Ар хэт хъуну?
**Етlуанэ нарт**. Игъащlэм слъэгъуакъым.
**Ещанэ нарт**. Чынтыдзэм хьэхлъэхыр хилъхьащ.
**Еплlанэ нарт**. Чынтыдзэ пашэм и гъуса шум и нэкlум дамыгъэ тридзэри, хъыбарегъащlэу я Хэкум иутlыпщыжащ.
**Нарт Бэдын**. Чынтыдзэ пашэр къиубыдри, шыщхьэр и щlыбу, шыпхэр и гупэу шым трипхащ.
**Япэ нарт**. Хэтми, лlыгъэшхуэ хэлъщ.
**Етlуанэ нарт**. Евмыгъэлей, лlы имыщlэн ищlакъым!
**Ещанэ нарт**. Лlыгъэм ефыгъуэркъым, уэ жыпlэр фыгъуэ псалъэщ.
**Еплlанэ нарт**. Хэтми, лъэпкъ хуэфащэ нартщ.
**Нарт Бэдын**. Чынтыдзэм кlэ иритащ. Ди лъахэ дихьэжмэ, зи хэтри къэтщlэнщ.

*Йокlыжхэр. Бэдынокъуэ и анэм гузавэу пщlантlэр къызэхекlухь.*
*Къэувыlэурэ зэщlодэlукl. Шы лъэ макъ къоlу. Бэдынокъуэ къохьэр.*
*И анэр зэпlэзэрыту бгъэдохьэ.*

**Бэдын гуащэ**. Пхуэфащэ щауэу къэбгъэзэжа?
**Бэдынокъуэ**. Сэ сщlэни щызгъуэтакъым, нарт ищlэни къэзгъэнакъым сыздэбгъэкlуам, зы закъуэ къэнати, хъыбарегъащlэу сутlыпщыжащ.
**Бэдын гуащэ**. Афэрым. Арэзы сыкъэпщlащ. Иджыри игъуэ хъуакъым нартхэ укъалъагъуну. Уи быдапlэм зэкlэ изэгъэж. (*Щlыунэм щlешэж*).

*Утыкум нарт Бэдын къохьэ.*

**Бэдын гуащэ (пожьэри).** Къеблэгъэж, Бэдын. Сыт хъыбару къытхуэпхьа? Чынтыдзэм фапэлъэща?
**Бэдын**. Нартыжьхэр чынтыдзэм дезэуэну дапэуващ, дзитlри хьэзыру дызэпэщыту, къыздикlар дымыщlэу зы щауэщlэ лъэрытемыту нэсащ. Дзитlми къытхэмыхьэу дблэкlри чынтым я щlыбагъ щыхъум зыкъигъазэри, нартыжьхэр деплъурэ биидзэ гуащlэр лъэрыщlыкlыу lэщlэухащ. Чынтыдзэ пашэр шым теп-хауэ кърихьэжьэщ, Хьэрэмэ lуащхьэ дрихьейри абы щиукlащ. Чынтыдзэ пашэм и гъусэ шу закъуэм дамыгъэ тридзэри хъыбарегъащlэу иутlыпщыжащ. Езыр, нартхэ къытхыхьэн и щхьэ иримыпэсу, къеуэри къежьэжащ. Здэкlуэжари, зыщыщри нартхэм тщlэркъым.
**Бэдын гуащэ**. Жыпlэхэр гъэщlэгъуэн дыдэщ. Нартхэ тхуэфащэу щауэ къытхэхъуамэ, гуфlэгъуэшхуэщ. Уэ уешащ. Уи шы-уанэ лъэныкъуэ егъэзи, зыгъэпсэху. А нарт щауэр зи хэтыр и чэзу нэблагъэмэ, къэпщlэнщ.

*Тlури йокl.*

# ДИАНЭ И ВАГЪУЭ

*Дэтхэнэ цӀыхуми нэхъ лъапӀэ дыдэу иӀэр и унагъуэрщ, – и адэ-анэмрэ лыджанэмрэщ. Ди жагъуэщ, языныкъуэхэм я быныр сабий унэхэм щратыжыр. Нобэ нэхъ гъунэгъуу фэдгъэцӀыхуну ди мурадщ адэ-анэм пэӀэщӀэу, абыхэм я хуабагъ хуэныкъуэу къэхъуа, НТВ каналымкӀэ екӀуэкӀ «Ты супер!» проектым щытекӀуа, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм мызэ-мытӀэу Гран-при къыщызыхьа уэрэджыӀакӀуэ* ***Анкудиновэ Дианэ***. Ар КъуэкӀыпӀэ Жыжьэм хыхьэ Арсеньевэ къалэм къыщалъхуащ. Абы къызэриӀуэтэжымкӀэ, къэзылъхуа и анэр къыхуэгущӀыӀэт. Илъэсищ щрикъум Дианэ сабий унэм къыщыхутащ. Абы щылажьэ Поник Иринэ сабий дыгъэм и гур кӀэрыпщӀэри ипӀыну къыӀихащ. ИужькӀэ, унагъуэр Тольятти щыӀэпхъуам, зыпӀыжа и анэм – лъагъуныгъэкӀэ, гулъытэкӀэ, гуапагъэкӀэ къыхуэупсэу къекӀуэкӀам – ар ишащ къалэм ЩэнхабзэмкӀэ и унэм щылажьэ «Мелодия» студием. Дианэ уэрэд жыӀэным щиӀэ зэфӀэкӀхэр къызыкъуихынымкӀэ, Тхьэр къызэрыхуэупсар и фӀэщ хъунымкӀэ егъэджакӀуэ хуэхъуа Вовк Светланэ къыдэӀэпыкъуащ.

Мы гъэм Дианэ и зэфӀэкӀ щеплъыжащ НТВ телеканалымкӀэ екӀуэкӀ «Ты супер!» проектым. Дианэ и утыку итыкӀэмрэ и макъ дахэмрэ ятхьэкъуат къэпщытакӀуэхэр. Ӏэнкун хъуа артистхэр къэтэджри Дианэ Ӏэгу щыту хуеуащ. Апхуэдэу пщащэм и вагъуэр къыкъуэкӀащ, езыми быдэу мурад ищӀащ уэрэдым и гъащӀэр ирипхыну.



Уэрэдым къыдэкӀуэу зэфӀэкӀ зиӀэ пщащэ Ӏущыцэр сурэт щӀынми дехьэх, театр гупжьейми хэтщ. 2017 гъэм Дианэ урысейпсо щӀалэгъуалэ Дельфий джэгухэм дыщэ медалыр къыщихьащ.

Тольятти къалэм Дианэ куэд щӀауэ щыцӀэрыӀуэщ, щӀэх-щӀэхыу концертхэр щет, цӀыхухэр уэру зэхуишэсу. Крутой Игорь зэрыжиӀамкӀэ, «Детская новая волна» зэпеуэм Дианэ Урысейм и цӀэкӀэ зыкъыщигъэлъэгъуэнущ Продюсерым хъыджэбз цӀыкӀур хуабжьу игъэгушхуащ, Москва фэтэр тыгъэ къыщыхуищӀри.

Хэт ищӀэнт зэгуэр зи гъащӀэр дэхуэхауэ къыщӀидза хъыджэбз цӀыкӀум и вагъуэр къэунэхуну икӀи апхуэдэу нуру цӀыхухэм яхуэблэну! Дианэ и гъащӀэмрэ и ехъулӀэныгъэхэмрэ анэ псори зэгупсысын хэлъщ.

***ТЕКӀУЖЬ Заретэ***

# КЪРУХУГУ*

Губгъуэм къыщыкIа удз дахэр гуфIэрт: абы махуэ дыгъэпсым, дуней хуабэм, хьэуа къабзэм, жэщ щIыIэтыIэм, уэшхым, гъащIэм... дэрэжэгъуэ къратырт. Тхьэм ежьужьу е шыпсыранэу къызэримыгъэщIам щыгуфIыкIырт езым цIыхур зэригъэгуфIэр и гуапэу. Къэрухугур къэкIырти къэкIырт, мис апхуэдэ гупсысэ мамырхэр иIэу дунейм тетт. Арати, зэгуэр зы щIалэ цIыкIу гуэрым, блэкIрэ пэт, а къащхъуэ удз гъэгъа дахэ цIыкIур къричащ. Ауэ сытми къричащ, къыщIричари имыщIэжу. ТIэкIурэ епэм хуэдэу зищIщ, зэхиIуантIэщ, иупIышкIури гъуэгум тридзэжащ.

И гур узащ удз гъэгъа цIыкIум, и жагъуэ хъуащ. ЩIалэ цIыкIум, дауи, ищIэртэкъым дэтхэнэ къэкIыгъэми, цIыхум хуэдабзэу, узыр зэрызыхищIэр.

Ауэ нэхъыбэу удз дахэм и жагъуэ хъуар зым щымыщу – щхьэпагъи гупсыси хэмылъу – кърачу дыгъэ нэхум, махуэ дахэм, жэщ щIыIэтыIэм, уэшхым, хьэуа къабзэм, гъащIэм зэрыхагъэкIыжарт... Иужьу къэрухугур егупсысыжащ: «Сыту фIыт Тхьэм шыпсыранэу дунейм сыкъызэрытримыгъэхьар. ЩIалэ цIыкIум и Iэр згъэузу згъэсынут...»

Къэрухугум, узыр зищIысыр къыщыгурыIуэм, афIэкIа хуэмейуэ арат мы щIым псэ зыIуту тетхэм зыгъэгуIэ уз гуэр зыхащIэну...

* *Къэрухугу* - незабудка.





# ТХЬЭГЪЭЛЭДЖ (МЭШБЭВ)

Тхьэм къигъэщӀа дуней щхъуэкӀэплъыкӀэ дахэм зы цӀыв гъуабжэ цӀыкӀу къытехьащ. Адрей цӀыв псори я плъыфэ цӀугъэнэхэм ирипагэхэрти, мо цӀыкӀур къызэрапэсыртэкъым, гу къылъатэххэртэкъым, уеблэмэ колорадэ цӀыврэ пэт ауанышӀу къыщыдыхьэшхырт. ЦӀыв цӀыкӀур абы хуабжьу иринэщхъейрт. Пщэдджыжь гуэрым зы дыгъэ бзий цӀыкӀу абы и щӀыбым къытелъэщӀыхьащ. ЦӀыкӀунивэ цӀыкӀур абы щыгуфӀыкӀащ, зыгуэрым гу къызэрилъитэр, фӀыуэ къызэрилъагъур и гуапэу. ФӀыщӀэ хуищӀу егупсысащ: «Сэри и чэзу хъуащ фӀы сщӀэну! Жыгхэм къапидза тхьэмпэ цӀыкӀухэр хьэпӀацӀэм зэщӀищтаци, сеуэнщи ахэр стхъунщӀынщ, згъэкъэбзэнщ». Арати, зы тхьэмпэ цӀыкӀум къытекӀым адрейм тетӀысхьэурэ, зы къудамэм къыпыкӀым адрейм лъатэурэ, махуэм зы жыг псо игъэкъэбзащ. Тхьэмпэ цӀыкӀу къэс фӀыщӀэ къыхуащӀу абы къеӀущащэрт...

ЦӀыв гъуабжэ цӀыкӀур, а къыжраӀэм апхуэдизкӀэ щыгуфӀыкӀырти, ириукӀытэурэ, плъыжь хъурт. Ауэрэ, ӀэпапӀэ фӀыцӀэ цӀыкӀухэр хэсыжу, плъыжь дахэ дыдэ хъуащ.

Абы лъандэрэ цӀыкӀунивэ фӀыуэ ялъэгъуащ икӀи «тхьэгъэлэдж»-кӀэ еджэу щӀадзащ, «тхъунщӀакӀуэ-гъэкъэбзакӀуэ цӀыкӀуу Тхьэм къигъэщӀа» жыхуаӀэу. Жыгхэр гъэкъэбзэн иуха нэужь, цӀыхухэм мэш ящӀэм хыхьащ. Ахэри егугъуу къабзэ ищӀри, «мэшбэв» цӀэ лейр къыфӀащащ, «мэшыр хэмыкӀуэдэжу – хьэпӀацӀэм имышхыжу – бэв зыщӀ» жиӀэу къикӀыу.

Иджы тхьэгъэлэдж-мэшбэвыр, насыпыфӀэу зыкъилъытэжу, дэрэжэгъуэр иӀэу мэпсэу, икӀи «И насыпщ адрейхэм фӀы яхуэзыщӀэм», – йогупсыс ар.

Зытхыжар
***ШЭРДЖЭС Дэбагъуэщ***

*ХЬЭТУ Петр*

# КЪУАРГЪ НЭПСЕЙ

*Таурыхъ*

Зы къуаргъыжь гуэрым дэ къигъуэтащи, ар икъутэу ишхыжын и гугъэу, уафэм дрехьейри вагъэм къыхедзэ. Ауэ вагъэ щабэм къыхэбдзэкlэ мо дэ быдэр къутэнт? Дзыгъуэ цlыкlум къуаргъым и гугъуехь пщlэншэр елъагъури, фlэгуэныхьу, жреlэ:

– Ей, къуаргъыжь, апхуэдэу а дэр пхуэкъутэнукъым, ухуеймэ, абы седзэгъуурэ гъуанэ хуэсщlынщи, уэ дэкур къибуlукlыжынщ... Ауэ си лэжьыгъэм пэкlуэу зы дзэкъэгъуэ цlыкlу къызэптынщ.

– Сыт дзэкъэгъуэ? Зыlуегъэх аддэ! Сэ езым ар схурикъунукъым... – жиlэри къыдэlэпыкъуну хэта дзыгъуэ цlыкlур ирихужьэжащ.

Мо тlур зэдэуэршэрауэ гу лъызыта жумэрэныр бауэбапщэу вагъэм къыхэжыж дзыгъуэ цlыкlум йоупщl:

– Сыт а къуаргъым, уафэм дэкlуейкъехыжу, ищlэр? – жери.

– Си щхьэр егъэуз а къуаргъым! Асфальтым традзэурэ дэ зыкъутэ къалэ къуаргъхэм заригъэщхьауэ, къигъуэта дэр вагъэм хидзэурэ икъутэну хэтщ.

Жумэрэныр, дзыгъуэ цlыкlум жиlар игъэщlагъуэу, къуаргъым дэlэпыкъуну вагъэм хыхьащ:

– Ей, къуаргъыжь, – жиlащ абы, – сэри тlэкlу къысlубгъэхуэнумэ, а узэлlалlэ дэр сэ зэуэ пхузэтезгъэпкlынщ...

– Сыт мы зы дэ закъуэм къыпlузгъэхуэну хэлъыр? Зыlуегъэх аддэ! Сэ езым си мэжалlэр ирихунукъым абы... – жиlэри вагъэм lут жыгеижьым ешауэ тетlысхьащ. Абы щыджэгуу тес кlэпхъ цlыкlум, абдеж къыщекlуэкlар зыльэгъуа икlи зэхэзыхам, къуаргъым зыхуигъэзащ:

– Зы чэнджэщ уэстынущи къызэдаlуэ.

– Сыт, уэри си дэм укъенэцlу ара?

– Сэ уи дэ сыхуэныкъуэкъым. Сэ езым гъэтlылъыгъэу сиlэр срокъуж. Ауэ уэ умэжалlэу гу лъыстащи, а дэр зэрыпкъутэну lэмалыр бжесlэну аращ.

– Псынщlэу жыlэ-тlэ, сумыгъэбампlэу!

– Модэ мо гъуэгушхуэм лъати абы уи дэр щытедзэ...

– Нтlэ, къэпщlэжащ иджы! Абы щызежэ гъущlыжь къомым ар зэхапlытlэнурэ, пшхыну щыщ къыхэмынэжу, хьэжыгъэ ящlынущ.

– Атlэ, умыщхьэхмэ, къалэ паркым лъати, абы асфальтым щытедзэ.

– Мис ар нэхъ хъунщ, – жиlэри къуаргъыр къалэ паркым лъэтащ. И дэр зэрыридзыхыуи къутащ. Ауэ къуаргъым дэр ишхыну хунэсыжакъым. Къалэ паркым щыпсэу бзуужь цlыкlу гупыр ежэри... дэ купщlэ щэщар – мэхь-мэхь! – бгъуэтмэ, къащтэ!



Къуаргъыжьым, сыт ищlэжынт, къуажэм къехыжащ. Кlэпхъ цlыкlур щыпсэу жыгеижьым пытlысхьащи, тхьэмыщкlафэнасыпыншафэ дыдэу къопэзэзэх.

– Сыт, къуаргъыжь, пкъута уи дэр? – жи кlэпхъ цlыкlум.

– Скъутащ, ауэ зыри къыслъысыжакъым... Бзу кlагуэжь цlыкlу къомым, хьэlуцыдзым хуэдэу ежэри, сфlашхыжащ!..

– Ей, къуаргъыжь, – жиlащ кlэпхъ цlыкlум, – мис апхуэдэ зыгуэрщ «Нэпсейр насыпыншэщ», «Зи lыхьэ зыфlэмащlэм хьэм фlешх» щlыжаlэжыр. Дзыгъуэ цlыкlур е жумэрэныр зыдэбгъэlэпыкъуатэмэ, абыхэми, фlыщlэ къыпхуащlу, тlэкlу яlухуэнт, уэри зыбгъэтхъэжынт. Къыпlэрыхьэр, къольэlум удэмыгуашэу, ебгъэмэракlуэхмэ, пщlэи lыхьи зэи уиlэнкъым.

## ИДЖЫРЕЙ МАУГЛИ

Киплинг и таурыхъ цlэрыlуэм, хьэкlэкхъуэкlэхэм япlыжа щlалэ цlыкlум теухуам, пэж дыдэу къэхъуа хъыбарыр и лъабжьэщ. Апхуэдэ хъыбархэр ди махуэхэми щызэхыбох – Маугли хуэдэ сабийхэр, хьэкlэкхъуэкlэхэм япlыжахэр, гъэ къэс къыщагъуэт Африкэм, Азием, Америкэм, уеблэмэ Европэм. Чили къыщагъуэта щlалэ цlыкlур, илъэситху и ныбжьу зи адэ-анэм хыфlадзар, хьэхэбасэ гупым зыхашащ, ядэшхэу икlи къахъумэу. Щlалэ цlыкlур хьэхэм я гъусэу пхъэнкlий идзыпlэхэм хэпэщэщыхьырт, гъуэхэм щыжейрт. Хьэлъакъуиплlу къэзыжыхь Чили-Маугли полицэхэм гу лъатэри, хьэхэбасэхэм ерагъыу къытрахыжри, сымаджэщым яшащ.

Щlалэ цlыкlур псэлъэфыркъым, lэлщ, и акъылкlэ узэщlакъым, ауэ хъарзынэжьу мэбанэ. Дохутырхэм зэрыжаlэмкlэ, цlыху псэукlэм къебгъэгъэзэжыну lэмал лъэпкъ иlэкъым, дунейм тетыху lэлу щытынущ. Нэгъуэщl къэралхэм къыщагъуэта «Мауглихэри» ягъэхъужауэ, цlыхуфэм ирагъэхьэжауэ апхуэдэ зэи къэхъуакъым.



## ПСАЛЪЭЖЬХЭР

Бзум худрапхъейкlэ бын япlыркъым.
Адэ-анэр шхэкlэ быным загъэнщlыркъым.
Адакъэрэ пэт и джэджьей егъашхэ.
Бын зимыlэр щlолlэ, зиlэр йолlалlэ.
Сабийр удз гъэгъам хуэдэщ: гульытэр фlэфlщ.
Сабийр тхьэвым хуэдэщ: узыхуейр къыхэщlыкl.
Ин жыlэ цlыкlу lуатэщ.

Зыгъэхьэзырар
***НЭТЫХЪУЕЙ Синэщ***




## ЛЪАГАПІЭЩІЭХЭР КЪЫПОПЛЪЭ

***КЪАРДЭН Хъусен*** *Налшык дэт 14-нэ гимназием щоджэ. Гъэ еджэгъуэр «тху» защIэкIэ къиухащ.*

Абы илъэси 10 и ныбжьщ, илъэс хъуауэ аращ Ким Руслан и деж дзюдомкIэ зыгъэсэн зэрыщIидзэрэ, ауэ а зэман кIэщIым абы гурыхь щыхъуа спорт лIэужьыгъуэм и щэху гуэрхэр зыригъащIэри, зэхьэзэхуэхэм хагъэхьэу хъуащ.

Утыку куэдым зыкъыщигъэлъэгъуащ, япэ увыпIэр щиубыду. ЩIалэ цIыкIур щобанэ зи хьэлъагъыр кг 35-м нэблагъэхэм я гупым. Иджыблагъэ абы дыщэ медалыр къыщихьащ Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я творчествэмкIэ унэм щекIуэкIа республикэпсо зэхьэзэхуэм.

ЕджапIэм кIуэхэм иджыпсту я зыгъэпсэхугъуэ зэманми, Къардэным зыгъэсэныр зэпигъэуакъым. Абы зыхуегъэхьэзыр бжьыхьэм екIуэкIыну щIыналъэ зэпеуэхэм.

***ЖЫЛАСЭ Замир***

## ДИСАНЭ И ГУПЫР УТЫКУ ЙОХЬЭ



***ЖЫЛАСЭ Дисанэ*** *Налшык дэт 28-нэ курыт еджапIэм щоджэ, 2-нэ классщ. ИлъэситI ипэкIэ абы гимнастикэмкIэ зигъэсэн щыщIидзащ «Эрудит» сабий творчествэмкIэ унэм.*

Хъыджэбз цIыкIу гурыхуэм псынщIэу къипхъуэтащ я егъэджакIуэ Чумаченкэ Еленэ яригъэлъагъу Iэмалхэр икIи Унэм и «Сабиигъуэ» къэфакIуэ гупым хагъэхьащ, куэд дэмыкIыу япэ сатырым ягъэуващ. Абыхэм я гъусэу Дисанэ зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм зыкъыщигъэлъагъуэу щIидзащ.

*Иужьрей илъэс ныкъуэм ансамблыр щыIащ ЕсэнтIыгу, Псыхубэ, Налшык щекIуэкIа зэпеуэхэм икIи дэтхэнэми япэ увыпIэхэр щиубыдащ.* КъищынэмыщIауэ, щIыналъэхэм щызэхэта апхуэдэ зэхьэзэхуэхэм щытраха видеофильмхэр зэпалъытэжу урысейпсо зэпеуэ ирагъэкIуэкIыжащ. Жыласэ Дисанэ зи пашэ гупым я зыкъэгъэлъэгъуэкIар къэпщытакIуэхэм ягу нэхъ дыхьащ икIи къэралпсо видео зэпеуэм и дамыгъэ зиIэ дипломхэр къратащ.

ФокIадэм щыщIэдзауэ къэфакIуэ гупыр хэтынущ сабий нэхъыжьхэм я зэпеуэм.

***КЪЭХЪУН Бэч***

# ПСАЛЪЭЗЭБЛЭДЗ

***МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ НАБДЗЭГУБДЗАПЛЪЭУ ФЫКЪЕДЖАМЭ, ПСАЛЪЭЗЭБЛЭДЗХЭР НЭХЪ ТЫНШУ ФХУЭЩIЫНУЩ,***

*ЯПЭ псалъэзэблэдзым и упщIэхэр:*

**1. Адыгэ IуэрыIуатэм лIыхъужьу къыщыхэщ лъэпкъ уардэ. 2. Зэманыр къэзыгъэлъагъуэ. 3. Нарт гуащэ, дахэу щыIэм я лей. 4. ЦIыхум хэлъыпхъэу адыгэ хабзэм къигъэувыр. 5. «Нур» журналым и рубрикэ. 6. Киплинг и лIыхъужь цIэрыIуэ. 7. Нарт хъыбархэмкIэ IэщIагъэм и тхьэ. 8. Iуэхур щIа зэрыхъунумкIэ ущие.**

*Жэуапхэр пэжмэ, къехыу фыкъеджэнщ адыгэхэм пасэ зэманым къэкIыгъэхэм я тхьэм зэреджэу щытам; мэшбэвым нэгъуэщIу зэреджэм.*

*ЕТIУАНЭ псалъэзэблэдзым и упщIэхэр:*

**9. Акъыл жан. 10. И цIэмкIэ яIуэ, щыхьэту ягъэув. 11. Зи акъыл тIыса цIыху Iущ; унагъуэм я нэхъыжь. 12. ХьэцэпэцэркIэ къызэрах Iэмэпсымэ. 13. Гъатхэ пасэу гъагъэ удз лIэужьыгъуэ. 14. IуэрыIуатэм хэт псэущхьэ шынагъуэ, щхьищ пыту. 15. Зи мэIуху дыщафэ, афэр зи джанэ куэщI. 16. Алэрыбгъум ещхьу зэIуща къамыл щабэ. 17. ЩIыпIэ хуабэхэм къыщыкI пхъэщхьэмыщхьэ IэфI, тIэкIу хуэкъуаншэрэ кIыхьу.**

*Жэуапхэр пэжмэ, къехыу фыкъеджэнщ зи щхьэ упсам хужаIэм.*

*Зыгъэхьэзырар*
***ИСТЭПАН Залинэщ***




*КъыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар*
***ХЬЭТУ Петрщ***

## РОССИЕМ ЩІЭНЫГЪЭМКІЭ И АКАДЕМИЕ
## КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛКЪЭР ЩІЭНЫГЪЭ ЦЕНТР
## ИНФОРМАТИКЭМРЭ ЩІЫПІЭ ІУЭХУ ЗЕХЬЭНЫМКІЭ И ИНСТИТУТ

# "ПСОРИ СЩІЭНУ СЫХУЕЙЩ"
# КЪЭРАЛПСО АКЪЫЛ ЗЭПЕУЭМ ЩЫТЕКІУАХЭР



***Шыд Аминэ***
Сэрмакъ къуэ.
СОШ № 2



***Къундет Аслъэнбэч***
Ислъэмей къуэ.
СОШ № 4



***Къундет Миланэ***
Ислэмей къуэ.
СОШ № 4



***Джуртубаева Иннэ***
Малкэ къуэ.
СОШ № 1



***Чомаев Ахъмэт***
Налшык къ.
СОШ № 6



***Куэцэ Миланэ***
Сэрмакъ къуэ.
СОШ № 2



***Темыркъан Даринэ***
Зэрэгъыж къуэ.
СОШ



***ПщыукI Астемыр***
Малкэ къуэ.
СОШ № I



***Пщыгъэуш Аинэ***
ХьэтIохъущыкъуей къуэ.
СОШ № 3



***ХьэщIэмыз Ислъам***
Малкэ къуэ.
СОШ № 1



***Мэзан Ланэ***
Ислъэмей къуэ.
СОШ № 4



***Ульбашевэ Наиля***
Хьэбэз къуэ.
СОШ



***МахуэлI Даринэ***
Псыхуабэ къ.
СОШ № 30



***ЦIагъуэ Даянэ***
Хьэбэз къуэ. (КъШР)
СОШ

*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 8 2018 г.

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
***Б. М. АБРОКОВА***

Редакционный совет:
***Х. КАРМОКОВ***
***А. КАРМОВА***
***Е. ТХАМОКОВА***
***Х. ТИМИЖЕВ***
***П. ХАТУЕВ***

Художественный редактор
***М. ХАЛИЛОВА***

Компьютерная вёрстка
***Н. РАСТОРГУЕВОЙ***

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ07-00125 от 11 января 2018 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по КБР.

Подписано к печати
06.08. 2018 г.
Выход в свет 27.08. 2018 г.

Формат 60х90 $^{1}/_{8}$
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл.печ. л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 2180 экз.
Заказ № 203
Индекс 73912

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 13,87 руб.; за 6 мес.– 83,22 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017,
г. Нальчик, пр. Ленина, 5.
ГКУ «КБР-Медиа».
Дом печати.

Отпечатано в типографии ООО "Тетраграф" 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.